

# Konnen Anvan Ou Ale

Kilè, Ki Kote, ak Kijan pou Chèche Swen Medikal

Swen sante ka bay konfizyon pafwa, kidonk li enpòtan pou konnen ki kote, ki lè, ak ki jan pou chèche swen medikal lè sa nesèsè.

## Deside sou Ki Kote Li T ap Pi Bon pou Ale

Gen kèk kondisyon ki pral mande swen medikal touswit nan yon lopital, sitou si sentòm yo grav. Gen lòt pwoblèm sante ki ka trete nan yon sant swen pou pwoblèm ijan yo.

### Ale dirèkteman nan lopital ki pi pre a oswa nan sal dijans lan si ou gen nenpòt nan sentòm sa yo:

- Gwo doulè oswa presyon nan pwatrin
- Pwoblèm pou respire oswa souf kout
- Siy yon estwòk (pa egzanp, vizaj k ap tonbe, feblès nan bra, oswa pwoblèm pou pale)
- Gwo senyen ki pa vle sispann
- Blesi nan tèt, avèk konfizyon, endispozisyon, oswa vomisman
- Gwo boule
- Kriz
- Pèt konesans
- Doulè nan vant toudenkou epi ki grav
- Reyaksyon alèjik ak anflamasyon nan vizaj oswa nan gòj



Si w ap fè fas ak yon ijans medikal, rele 911.

### Ale nan yon sant swen ijans pou blesi ak maladi ki mande swen medikal men ki pa ijans, tankou:

- Ti frakti ak antors
- Ti boule oswa gratèl
- Grafouyen, ak senyen ki kontwole, ki mande pou koud yo
- Sentòm opresyon soti lejè pou rive modere
- Sentòm lafyèv, grip, oswa COVID
- Enfeksyon nan aparèy urinè
- Enfeksyon nan zòrèy, nen, ak gòj
- Vomisman oswa dyare
- Ti reyaksyon alèjik san pwoblèm pou respire



Rele davans pou konfime lè ouvèti yo ak sèvis ki disponib nan chak sant.

### Ale nan yon famasi pou ti blesi ki pa bezwen swen medikal.

Gen kèk medikaman ou ka achte san preskripsyon, alòske gen lòt ki mande yon vizit kay doktè anvan sa.

Kontinye nan paj apre a →

## Ki Jan pou Chèche Swen Si W ap Vizite Nou Soti Deyò Etazini

Asirans sante pou vwayaj ap souvan kouvri vizit kay yon doktè, swen rapid, oswa sal ijans lan, ak preskripsyon tou si sa nesèsè. Tcheke kontra asirans ou an alavans pou konfime sa li kouvri yo. Ou ka bezwen peye pou sèvis yo.

## Fason pou Jwenn Swen Medikal Toupre W

Filadèlfi gen yon sit entènèt ki ka ede w jwenn swen sante tou pre w nan [phila.gov/primary-care](http://phila.gov/primary-care). Sèvis yo gen ladan prevansyon, byennèt, ak tretman pou maladi ki kouran yo.

Tout sant sante vil la jere yo ofri sèvis entèpretasyon nan telefòn. Kèk nan yo ofri tou entèpretasyon an pèsòn. Gade detay chak kote pou jwenn yon lis lang anplwaye yo pale.

### LOKAL SWEN POU PWOBLÈM RAPID YO

Ale nan yon sant swen ijans pou pwoblèm ki mande swen medikal men ki pa ijans yo. Rele davans pou konfime lè ouvèti ak disponiblite yo.

NAN SANT VIL LA  
OSWA  
OZALANTOU  
SANT VIL LA

- Concentra Urgent Care | 219 N Broad St | (215) 762-8525
- Jefferson Urgent Care | 2021 Chestnut St | (267) 443-2020
- myDoc Urgent Care | 1420 Locust St | (215) 800-1909
- Vybe Urgent Care | 618 Market St | (215) 583-0618
- Vybe Urgent Care | 1420 Chestnut St | (215) 999-1420

TOU PREN  
LINCOLN  
FINANCIAL FIELD

- AFC Urgent Care | 1444 W Passyunk Ave | (215) 964-9250
- Vybe Urgent Care | 1217 S Broad St | (215) 999-1217

TOU PRE LEMON  
HILL / FAN FEST

- Everest Urgent Care | 2077 Ridge Ave | (267) 817-9800
- myDoc Urgent Care | 1501 N Broad St | (267) 457-5553
- Vybe Urgent Care | 1500 Spring Garden St | (267) 768-8288

**PHILLY**  
KEEP ON LOVING

Jwenn tout sa ou bezwen pou pran swen sante seksyèl ou gratis, kèlkeswa kote ou pi alèz pou fè sa, nan [phillykeeponloving.com](http://phillykeeponloving.com).



 PRIMARY  
CARE  
FINDER

**Pou rezidan Filadèlfi yo sèlman:** Jwenn swen medikal gratis oswa nan pri abòdab avèk Primary Care Finder Vil Filadèlfi a nan: [phila.gov/primary-care](http://phila.gov/primary-care).

